

Rekouvreman Asirans ak Konsantman pou Pataje Enfòmasyon

Pou sipòte mezi fanmi li kapab, Connecticut (CT) Birth to Three System (Sistèm Nesans jiska 3 Lane Connecticut) resewva yon konbinezon fon Eta a ak fon federal, Medicaid, ak asirans sante prive.



Non Timoun lan: _____

Nimewo Birth to Three: _____

HUSKY A, C, oswa Zewo Asirans

HUSKY A oswa C Nimewo: #

Ou te bay konsantman pou pataje enfòmasyon lè w t ap enskri nan HUSKY. Donk, li pa nesesè sou fòm sa a.

- Pitit mwen an pa gen asirans HUSKY A oswa C. Mwen konprann mwen pa oblije enskri nan yon asirans piblik.
- Si mwen chwazi enskri nan yon asirans piblik, mwen bay konsantman pou yo faktire HUSKY A oswa C pou sèvis Birth to Three yo.

Asirans Prive oswa HUSKY B

Mwen konprann:

- Mwen pa oblije enskri nan yon asirans sante piblik oswa prive pou mwen resewva sèvis yo.
 - Plan mwen an ka pa oblije respekte obligasyon Connecticut fè nan zafè asirans, epi Affordable Care Act (Lwa sou Swen Abòdab) la ka anpeche oswa ka pa anpeche plan mwen an gen konsekans negatif sou pwoteksyon mwen yo, tankou aplike peman pa rapò ak limit maksimòm anyèl oswa a vi kontra asirans lan.
 - Mwen ka gen yon HRA oswa HSA ki konfigure pou l retire yon reklamasyon asirans otomatikman. Mwen konprann mwen gendwa chanje zafè retrè otomatik la lè mwen kontakte asirans mwen an ak/oswa konpayi kote m ap travay la. Men, si mwen bay konsantman pou yo faktire asirans prive a oswa HUSKY B, yo ka retire fon sa yo.
 - Si yo voye ranbousman asirans prive a ban mwen dirèkteman, fòk mwen remèt pwogram Birth to Three a peman sa a.
 - Si pitit mwen an gen asirans piblik kòm dezyèm asirans, fòk mwen toudabò bay konsantman pou yo faktire asirans prive mwen an pou yo jwenn sous peyè sa a.
 - Konsantman an ap rete an vigè pandan pitit mwen an enskri nan Birth to Three Connecticut System nan, oswa lè mwen siyen pou mwen anile konsantman an.
 - Mwen dakò pou mwen di kowòdonatè sèvis mwen an sa si mwen gen nouvo asirans.
 - Se mwen ki chwazi bay konsantman pou otorize oswa pa otorize zafè faktirasyon an. Donk, mwen ka anile li alekri nenpòt ki lè. Lè mwen anile konsantman an, sa pa afekte bagay ki te pase anvan mwen te anile li a.
 - Fòk mwen bay konsantman mwen si gen yon ogmantasyon nan frekans, dire, oswa entansite sèvis yo ap bay nan kad Individualized Family Service Plan (IFSP, Plan Sèvis Familyal Pèsonalize) pitit mwen an.
 - Pitit mwen an ak fanmi mwen ap benefisye yon evalyasyon epi, si yo elijib, yon bilan, IFSP, sèvis ak sipò san reta ni refi kit mwen bay konsantman pou yo faktire asirans lan epi pataje enfòmasyon kit mwen pa konsantman.
- Mwen bay konsantman** pou yo faktire asirans lan oswa HUSKY B nan non pitit mwen an, yo ap evalye epi pa konsekan ki ka enskri nan CT Birth to Three System. Lè mwen fè sa, mwen pataje tout enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon ki nesesè pou trete tout demann sèvis ak sipò ki nan Seksyon 6 nan IFSP a, ki gen ladan l evalyasyon, bilan, ak reyinyon IFSP. Mwen konprann mwen p ap oblije peye okenn frè pèsonèl ki gen ladan yo kotizasyon ak franchiz.
- Mwen bay konsantman** pou mwen kite yo pataje enfòmasyon medikal ak lòt enfòmasyon ki nesesè pou trete reklamasyon asirans nan non pitit mwen an, yo ap evalye epi pa konsekan ki ka enskri nan CT Birth to Three System.
- Mwen pa bay konsantman** pou yo faktire asirans prive pitit mwen an oswa HUSKY B ni mwen pa otorize yo pataje enfòmasyon medikal ak lòt enfòmasyon ki nesesè pou trete reklamasyon asirans nan non pitit mwen an.
- Mwen anile konsantman** pou otorize faktirasyon ak pataje enfòmasyon medikal ak lòt enfòmasyon ki nesesè pou trete reklamasyon asirans nan non pitit mwen an.

Rekouvreman

Primè Segondè

Non Asirans lan: _____

Non Moun ki Gen Kontra Asirans lan: _____

Dat Nesans: _____

Nimewo Telefòn Asirans lan: _____

Dat li Kòmanse: _____

Nimewo Manm lan: _____

Nimewo Gwoup la: _____

Rekonesans ak Konpreyansyon:

Mwen te resewva yon kopi dokiman ki pale sou Dwa Paran avèk Sistèm Pèman an. Enfòmasyon sa yo gen ladan yo opsyon mwen ka itilize pou mwen rezoud litij si mwen deside nenpòt ki lè konteste nenpòt desizyon, tankou faktirasyon asirans piblik oswa prive. Yo eksplike mwen dwa sa yo nan lang manman mwen oswa nan mòd pale mwen.

Ekri Non Ou ak Lèt Detache: _____

Siyen la: _____

Dat: _____